

[**◀Atik
anvan-an**](#)[**Gid jénéral-la**](#)[**Atik▶
apré-a**](#)

KATRIYÈM PATI

Priyè krétyin-an

PRÉMIÉ SÉKSION

Priyè-a nan lavi krétyin-an

TOUAZIÈM CHAPIT

Lavi priyè-a

ATIK 2

Konba priyè-a

- 2725 Priyè-a sé kado lagras-la épi répons ki fèm sou bò pa-nou. Li toujou sipozé yon éfò. Moun ki té conn priyé tout bon-yo nan Ansyin Téstaman-an anvan Kris-la, minm jan ak Manman Bondié-a tou épi sin-yo avèk li, yo aprann nou: priyè-a sé yon konba. Kont kilès? Kont nou-minm minm épi kont tronpri sa k-ap tanté-a k-ap fè tout sa-l kapab pou fè moun-nan viré do bay priyè-a, viré do bay fè youn ak Bondié-l la. Chak moun priyé jan-l viv, paské chak moun viv jan-l priyé. Si yon moun pa vlé aji nòmalman dapré Éspri Kris-la, li pap kapab nòmalman priyé nan non-l. « Konba spirituèl » nouvo lavi krétyin-an pa kapab séparé ak konba priyè-a.
- 2612, 409
- 2015

I. Objéksion kont priyè-a

- 2726 Nan konba priyè-a, nou doué afronté nan nou-minm épi alantou nou, *fason yo ouè priyè-a ki pa vré*. Ginyin ki ouè nan li yon sinp travay psikolojik, gin lòt ki ouè-l kòm yon éfò konsantrasion pou moun-nan rivé nan yon vid mantal. Gin lòt ki rédui-l nan konpòtman ak paròl rituèl. Yon fason inkonsian, nan lidé anpil krétyin, priyé sé yon okipasian ki pa konpatib ak tout sa yo ginyin pou yo fè : yo pa gin tan. Moun k-ap chèché Bondié nan priyè-a, dékourajé vit, paské yo pa konnin priyè-a sé nan Éspri-Sin-an li soti tou, sé pa nan nou sèlman.
- 2710

- | | |
|------------|---|
| 2727
37 | Nou gin pou afronté <i>mantalité</i> (mòd réfléksion) « moun tè sa-a » ; yo antré nan nou, si nou pa vijilan, parégzanp : sé sèlman sa rézon-an ak lasians prouvé ki vérité (min priyè-a sé yon mistè ki dépasé nivo konsian-an ak inkonsian-an nan nou) ; sa-k gin valè sé sa k-ap produi épi bay randman (priyè-a pa produi anyin, donk li initil) ; sé sansasion-yo épí konfò-a ki kritè vérité-a, byin-an, bëlté-a (min priyè-a, « rinmin Bèlté-a » [philocalia] sé gloua Bondié vivan-an épí vré-a ki intérésé-l) ; pou réajis kont aktivism-nan, min yo prezanté priyè-a tankou pran lafuit parapò a réalité tè-a (min priyè krétyin-an sé pa soti nan istoua-a ni divosé ak lavi-a). |
| 2728 | Anfin, konba nou-an doué afronté bagay nou ouè kòm <i>échèk-nou nan priyè-a</i> : dékourajman dévan séchrès-nou, chagrin poutèt nou pa bay Bondié tout bagay paské nou gin « anpil byin » (cf. Mc 10, 22), désépsion paské nou pa jouinn sa nou mandé dapré pròp volonté-nou, ògèy-nou ki blésé paské n-ap vín gin kè di nan mové kondision-nou kòm péchè, lidé ki pa vré osijè karaktè gratis priyè-a, etc. Konklizion-an sé toujou minman : sa sa sèvi pou priyé ? Pou ranpòté viktoua sou obstak sa-yo nou bézouin konbat pou umilité, konfians épi pèsévrans. |

II. Vijilans kè ki pòv-la

Dévan difikilté priyè-a

- 2729 Difikilté ki pi kouran pou priyè nou-an sé *distrakcion mantal-la*. Li ka konsèné paròl-yo ak signifikasyon yo nan priyè vokal-la ; li kapab régadé tou Bondié n-ap priyé-a, nan priyè vokal-la (litijik épi pèsònèl), nan méditation-an épi nan priyè kontanplatif-la. Plédé chèché chasé distrakcion-yo sé tonbé nan pièj yo-a, alòské sa sifi pou nou rantré nan kè-nou : distrakcion lëspri-nou révélé nou sa nou attaché ak li épi lè nou pran konsians sa ak umilité dévan Bondié, sé pi plis pou-l t-a éksité rinmin nou pou li, épi pou nou ofri-l kè-nou ak fèm rezolision pou-l kapab pròpté-l. Sé la pou nou mété konba-a, chouazi ki Mèt nou vlé sèvi (cf. Mt 6, 21. 24).

2730 Yon fason pozitif, konba kont tandans pou nou posédé épi dominé-a sé *vijilans-la*, tanpérans (sobriété) kè-a. Lè Jézu ap insisté sou vijilans-la, sé toujou parapò a li-minm minm, parapò a Vini li gin pou-l vini-an, parapò a dènié jou-a épi parapò a chak jou : « Jodi-a ». Épou-a ap vini nan mitan nuit-la ; limiè ki pa doué étinn-nan sé limiè lafoua-a : « Sé sou ou kè-m té di : “Chèché fas mouin” » (Ps 27, 8).

2659 2731 Yon lòt difikilté, spésialman pou moun ki vlé priyé sinsèman, sé *séchrès-la*. Li fè pati priyè-a koté kè-a vîn san richès, san gou pou réfléksion-yo, souvni-yo épi santiman-yo, minm sa-k spirituèl-yo. Lè sa-a sé moman lafoua san mélanj-la, ki rété fidèl ak Jézu nan agoni-a épi nan

tonb-nan. Grinn blé-a, « si-l mouri, li donnin anpil frui » (Jn 12, 24). Si 1426 séchrès-la sé paské manké rasîn, paské paròl-la tonbé sou ròch, konba-a sé parapò a konvèson-an (cf. Lc 8, 6. 13).

Dévan tantasion-yo nan priyè-a

- 2732 Tantansion yo jouinn pi fasil nan priyè-a, tantasion ki pi kaché-a, sé
2609, 2089 *manké nou manké lafoua-a*. Li pa tèlman éksprimé nan yon pa kouè aklè (incrédulité déclarée) min pito nan yon préférans “de facto”. Lè nou kòmansé priyé gin mil travay oubuin okipasion nou estimé ki pi présé, ki
2092 présenté tèt-yo kòm priorité ; la-a tou yon lòt foua sé moman vérité kè-a
2074 épi sa-l préféré rinmin-an. Pafoua nou viré kot Granmèt-la kòm dènié rékou ; min èské nou vrèman kouè sa ? Pafoua nou pran Granmèt-la tankou yon asosié ki gin kontra avèk nou, min kè-a toujou rété nan arogans-la. Nan tout ka sa-yo sé mank lafoua-nou ki révélé, nou poko ginyin dispozision umilité kè-a : « San mouin nou pa kapab fè anyin » (Jn 15, 5).
- 2733 Yon lòt tantasion sé arogans-la ki ouvri pòt pou li, sé *asédi-a* (acédie).
2094 Pèr spirituèl-yo té konprann ak mo sa-a yon fòm déprésion ki konsékans néglijans kè-a ki bay rélachman nan disiplîn-nan, ki diminué vijilans-la.
2559 « Espri-a [...] vif, min chè-a fèb » (Mt 26, 41). Moun ki tonbé sot pi ro-a, li frapé pi mal. Dékourajman-an, sé révè fas arogans-la ki bay doulè. Moun ki gin umilité-a, li pa sézi poutèt mizè li-a, sa minnin-l nan plis konfians, nan rété pi solid nan kinbé fèm-nan.

III. Konfians tankou pitit

- 2734 Konfians tankou pitit-la sibi éprèv – li bay prèv sa-l vo – nan
2629 tribilasion-an (cf. Rm 5, 3-5). Difikilté prinsipal-la sé parapò a *priyè démann-nan*, nan intèsesion pou nou-minm oubuin pou lòt-yo. Gin moun ki minm sispann priyé, paské yo pansé Bondié pa kouté démann yo-a (li pa égzosé). La-a gin dé késion yo doué pozé : Poukisa nou pansé yo pa kouté démann nou-an ? Kijan yo tandé priyè nou-an, kijan li « éfikas » ?

Poukisa n-ap plinyin yo pa tandé priyè nou ?

- 2735 Gin yon konsta ki t-a doué toudabò fè nou étoné. Lè n-ap fè louanj pou
2779 Bondié oubuin lè n-ap fè aksion-d-gras pou li pou byinfè li-yo, sé apèn nou inkiété nou pou-n konnin si priyè nou-an té aksépté. Min, okontré, nou égzijé pou-n ouè rézulta démann nou-yo. Ki imaj Bondié minm k-ap motivé priyè nou-an : èské sé yon mouayin n-ap anplouayé oubuin èské sé Papa Granmèt nou-an Jézu-Kri ?

- 2736 Èské nou gin konviksion osijè « nou pa konnin kijan pou nou priyé »-a
2559 (Rm 8, 26) ? Èské nou mandé Bondié « byin ki konvnab » ? Papa-nou konnin sa nou bézouin anvan nou mandé-l (cf. Mt 6, 8) min l-ap tann

1730 démann nou-an paské dignité pitit li-yo sé nan libète yo li yé. Sé poutèt sa nou doué priyé avèk Éspri libète-a, pou nou kapab konnin réyèlman vré kisa li vlé (cf. Rm 8, 27).

2737 « Nou pa ginyin, paské nou pa mandé ; nou mandé, min nou pa jouinn, paské nou mandé mal, pou nou dépansé pou anvi nou » (Jc 4, 2-3 ; cf. tout kontèks-la Jc 4, 1-10 ; 1, 5-8 ; 5, 16). Si n-ap mandé ak dé kè, ak yon kè « adiltè » (Jc 4, 4), Bondié pa kapab kouté sa nou mandé-a paské li vlé sa-k byin pou nou, li vlé lavi pou nou. « Èské nou kouè sé pou granmèsi sa-k ékri-a di : “Éspri ki abité nan nou-an, l-ap chèché jouinn sa-l anvi-a” ? » (Jc 4, 5) ? Bondié nou-an « jalou » pou nou, sé sign vérité rinmin-l nan. Sé pou nou antré nan sa Éspri-l la vlé épi l-ap kouté priyè nou :

« Pa fè tankou moun k-ap aji ak pouvoua pou sa-ou mandé rivé tousuit ; li vlé réyèlman ba-ou plis byinfè antan-ou pèsévétré nan priyè-a » (Evagre, or. 34 : PG 79, 1173).

Li-minm li vlé « pou dézi nou-an éggzésé nan priyè-yo, pou nou kapab résévoua sa-l préparé pou-l bay-la » (S. Augustin, ep. 130, 8, 17 : PL 33, 500).

Kijan priyè-nou vîn éfikas ?

2738 Révélation priyè-a nan Prinsip ki dirijé sové nou sové-a (Économie du salut) aprann nou lafoua-a apuiyé sou aksion Bondié nan istoua-a. Konfians tankou pitit-la révéyé palintèmèdiè aksion-l nan ki gin pi gran valè-a : soufrans ak réziréksion Pitit li-a. Priyè krétyin-an sé kolaborasion ak providans Bondié-a, ak projè rinmin li-an aléga moun-yo.

2739 Kay sin Pòl, konfians sa-a gin odas (cf. Rm 10, 12-13), li fondé sou priyè Éspri-a nan nou épi sou fidélité rinmin Papa-a ki ba nou sèl Pitit li-a (cf. Rm 8, 26-39). Transfòmasion kè k-ap priyè-a sé prémié répons démann nou-an.

2740 Priyè Jézu-a fè priyè démann krétyin-an vîn éfikas. Sé li-minm minm ki modèl-la. L-ap priyé nan nou épi avèk nou. Paské kè Pitit-la pap chèché anyin dòt pasé sa-k fè Papa-a plézi, kòman pou priyè pitit adoptif-yo t-a pi rété kolé sou kado-a (don-an) pasé sou Bondié k-ap bay li-a (Donatè-a) ?

2741 Jézu ap priyé pou nou tou, nan plas-nou épi an favè-nou. Tout démann nou-yo, yon foua pou tout yo ranmasé nan rèl li té pousé sou koua-a épi Papa-a té kouté-a nan Réziréksion-l nan, épi sé poutèt sa li pa sispann intèsédé pou nou kot Papa-a (cf. He 5, 7 ; 7, 25 ; 9, 24). Si priyè nou-an fè youn byin fèm ak priyè Jézu-a nan lafoua ak nan odas tankou pitit, tout sa nou mandé nan Non-l, n-ap jouinn li, plis pasé tèl bagay oubyin tèl lòt bagay : n-ap jouinn Éspri-Sin-an minm ki gin tout kado-yo nan li.

IV. Pèsévétré nan rinmin-an

- 2742 « San rété sé pou nou priyé » (1 Th 5, 17), « antan n-ap di Bondié ak Papa-a mèsi tout tan pou tout moun o non Granmèt nou-an Jézu-Kri » (Ep 5, 20), « avèk tout kalité priyè ak démann, sé pou nou rét ap priyé tout tan nan Éspri-a ; sé pou nou rét ap véyé nan li antan nou pèsisté koté-l épi nou fè démann pou tout sin-yo » (Ep 6, 18). « Yo pa-t kòmandé nou pou nou toujou ap travay, ap véyé, ap jéné ; min priyé san rété-a, Laloua-a kòmandé sa » (Evagre, cap. pract. 49 : PG 40, 1245C). Difé sa-a k-ap boulé san fatig-la sé sèlman nan rinmin-an li kapab soti. Kont mank énèji nou-an épi parès nou-an, konba priyè-a sé konba *rinmin* ki gin umilité-a, ki fè konfians-la épi k-ap pèsévétré-a. Rinmin sa-a ouvri kè-nou pou toua évidans lafoua-a, ki kléré épi ki bay lavi :
- 162
- 2743 *Li toujou posib* pou priyé : tan krétyin-an sé tan Kris-la ki résisité-a ki avèk nou « touléjou » (Mt 28, 20), kèlkésoua tanpèt-yo (cf. Lc 8, 24). Tan nou-an nan min Bondié :
- « Li posib pou yon moun priyé ak atansion minm lè li nan maché oubyin l-ap pronmnin : yon lòt, minm jan-an, antan-l chita nan boutik-li ap koud kui, li kapab lévé nanm-li bay Bondié ; li posib pou yon sèvitè k-ap fè provizion épi k-ap monté désann, oubyin k-ap travay nan kuizîn [...] fè yon priyè ki atantif ki sot nan fon kè » (S. Jean Chrysostome, ecl. 2 : PG 63, 585A).
- 2744 Priyé sé yon *nésisité vital*. Démonstrasion ka kontrè-a bay prèv pou konvink nou : si nou pa kité Éspri-a gidé nou, n-ap tonbé ankò nan ésklavaj péché-a (cf. Ga 5, 16-25). Kòman Éspri-Sin-an kapab « lavi-nou » si kè nou louin-l ?
- « Pa gin anyin ki égal ak priyè-a : sé li-minm ki fè sa-k inposib vîn posib, sa-k difisil vîn fasil [...]. Li inposib pou [...] moun [...] k-ap priyé-a [...] janm tonbé nan péché-a » (S. Jean Chrysostome, Anna 4, 5 : PG 54, 666). « Moun ki priyé-a, sètènman l-ap sové ; sa-k pa priyé-a, sètènman l-ap kondané » (S. Alphonse de Liguori, mez.).
- 2745 *Li pa posib pou séparé priyè-a ak lavi krétyin-an* paské sé minm rinmin-an ak minm rénonsman-an ki soti nan rinmin-an. Sé minm konfòmité ptit ki rinmin-an ak désision Papa-a. Sé minm fè youn-nan (union) k-ap transfòmé nou nan Éspri Sin-an ki fè nou toujou pi konfòm ak Kris Jézu. Sé minm rinmin-an aléga tout moun-yo, sé ak rinmin sa-a Jézu té rinmin nou. « Pou ninpòt ki sa nou mandé Papa-a o non-m li ba nou-l. Sa mouin kòmandé nou, sé pou nou youn rinmin lòt » (Jn 15, 16-17).
- 2660
- « Moun ki priyé san rété-a, sé sa ki fè priyè-a fè youn ak travay ki doué fèt-yo, épi ki fè aksion-yo alé ak priyè-a ; sé sèl fason pou nou kapab pran lòd yo pasé-a pou fè-l posib » (Origène, or. 12).

V. Priyè Lè Jézu-a

- 2746 Lè Lè Jézu-a té rivé-a, li priyé Papa-a (cf. Jn 17). Priyè-l la, sa-k pi long Évanjil-la transmèt nou, li anbrasé tout Prinsip ki dirijé kréasion-an ak salu-a (Économie de la création et du salut), minm jan ak Lanmò-l épi Réziréksion-l. Priyè Lè Jézu-a toujou rété nan li, minm jan Pak li-a, kòm li rivé « yon foua pou tout tan », li rété preznan nan litiji l'Égliz li-a.
- 1085
- 2747 Tradision krétyin-an gin rézon rélé-l priyè « sasèrdotal » Jézu-a. Li sé priyè Gran-Prèt nou-an, ki inséparab ak sakrifis li-a, inséparab ak pasaj li-a al jouinn Papa-a (« Pak ») koté sé tout li-minm ki « konsakré » bay Papa-a (cf. Jn 17, 11. 13. 19).
- 2748 Nan priyè Pak sa-a, sakrifis sa-a, tout bagay « reprann nan tèt » nan li-minm (cf. Ep 1, 10) : Bondié épi tè-a, Paròl-la épi chè-a, lavi ki pap finian épi tan-an, rinmin-an ki rinnèt tèt-li épi rayisans-la ki trayi-l la, disip ki la preznan-yo épi sa ki pral kouè nan paròl yo-a, vidé pròp tèt li-a épi gloua-a. Sé priyè pou yo fè youn-nan (unité-a).
- 518
- 820
- 2749 Jézu akonpli tout travay Papa-a épi priyè-l la, minm jan ak sakrifis li-a, rivé jous nan finisman tan-an. Priyè Lè-a ranpli dènié tan-yo épi li minnin yo nan réalisation-yo. Jézu, Pitit Papa-a té bay tout bagay-la, rinnèt tout li-minm bay Papa-a épi an minm tan, ak yon gran libèté li eksprimé-l (cf. Jn 17, 11. 13. 19. 24) poutèt pouvoua Papa-a ba li sou tout chè-a. Pitit-la, ki tounin Sèvitè, sé Grammèt, *Pantocrator* (ki kòmandé tout bagay). Sé Gran-Prèt nou-an k-ap priyé pou nou-an, sé li-minm tou k-ap priyé nan nou épi Bondié k-ap kouté priyè nou-an.
- 2616
- 2750 Sé antan nou antré nan sin Non Grammèt Jézu-a n-ap kapab résévoua, sou paranndan, priyè li-minm li anségné nou-an : « Papa nou ! ». Priyè sasèrdotal li-a, sou paranndan, inspiré gran démann « Papa-nou »-an : pran souin Non Papa-a (cf. Jn 17, 6. 11. 12. 26), chalè pou Rouayòm li-an (gloua li-a ; cf. Jn 17, 1. 5. 10. 24. 23-26), akonplisman volonté Papa-a, projè salu li-a (cf. Jn 17, 2. 4. 6. 9. 11. 12. 24) épi libérason anba sa-k mal-la (cf. Jn 17, 15).
- 2815
- 2751 Anfin, sé nan priyè sa-a Jézu révélé nou épi ba nou « konésans » inséparab Papa-a ak Pitit-la (cf. Jn 17, 3. 6-10. 25) ki mistè lavi priyè-a minm.
- 240

RÉZIMÉ

- 2752 *Priyè-a sipozé yon éfò ak yon konba kont nou-minm épi kont tronpri sa k-ap tanté-a (Tantatè-a). Konba priyè-a inséparab ak « konba spirituèl-la » ki nésèsè pou nou aji abituèlman dapré Éspri Kris-la :*

chak moun priyé minm jan li viv, paské chak moun viv minm jan li priyé-a.

- 2753 *Nan konba priyè-a nou doué afronté fo-lidé nou gin sou priyè-a, diféran tandans mantalité koulié-a, ékspérians échèk nou-yo. Dévan tantasion sa-yo ki fè vîn gin dout sou sa priyè-a itil oubyin minm sou possibilité-l, nou doué réponn ak umilité, konfians épi pèsévéранs.*
- 2754 *Difikilté prinsipal nan pratik priyè-a sé distraksion nanm-nan épi séchrès-la. Rémèd-la sé nan lafoua, konvèson ak vijilans kè-a li yé.*
- 2755 *Gin dé tantasion k-ap ménasé priyè-a anpil foua : mank lafoua épi asédi (acédie) ki yon fòm dépréśion léspri-a ki fè gin rélachman nan disiplin lavi-a épi ki minnin nan dékourajman.*
- 2756 *Sé yon éprèv konfians nou doué ginyin kòm pitit-la sibi, lè nou pansé yo pa kouté priyè nou-an. Évanjil-la invité nou égzaminé nan ki mézi priyè nou-yo an akò ak sa Éspri-a vlé-a.*
- 2757 *« Priyé san rété » (1 Th 5, 17). Li posib pou nou toujou priyé. Sé yon bézouin vital tou. Yo pa kapab séparé priyè-a ak lavi krétyin-an.*
- 2758 *Priyè Lè Jézu-a, yo byin fèt rélé « priyè sasèrdotal-la » (cf. Jn 17), rézimé tout Prinsip diréksion kréasion-an ak salu-a (Économie de la création et du salut). Sé li-minm ki inspiré gran démann priyè « Papa-nou »-an.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►
apré-a](#)